

**KOMITE MIKS AYITI-MEKSIK  
SOSYETE SIVIL POU REKONSTRIKSYON AYITI**

**RAPò DEZIEM ETAP PROJè  
PEYIZAN AK PEYIZAN**

**SOTI 12 MAS POU RIVE 09 AVRIL 201**



**Centro Lindavista®**  
Centro de Investigación, Información  
y Apoyo a la Cultura A.C.

**ENDIS**

**ENTRODIKSYON**

**APRANTISAJ**

**KONTRANDI VWAYAJ LA**

**LIS PATISIPAN AYITI YO**

**LIS OGANIZASYION MEKSIK KI PATISIPE LAN PWOGGRAM LAN**

## **ENTRODIKSYON**

Apati yon prosesis chita pale ak dirijan epi manb diferan gwoup sosyal la milye riral yo an Ayiti, nou te rive bati yon pwogram fòmasyon ak echanj konesans ant prodiktè, promotè ak fanmi ki soti lan milye riral an Ayiti ak peyi Meksik, ki rele "Peyizan ak peyizan", se yon peogram tèt kole pou rive mete kanpe pwojè djanm lan kominate riral an Ayiti yo lan sa ki gen rapò ak prodiksyon manje, se mikro-kredi yo menm kap pral bay prosesis sa ajarèt.

Pataje bon eksperyans òganizasyon peyizan yo kap pwodui nan Meksik ak peyizan, promotè fanm kou gason an Ayiti, pou ankouraje yo youn ak lòt chache bon jan altènativ selon reyalite yo ak kilti yo pou prodiksyon ak kòmèsyalizasyon ki se chimen pou yon devlopman local entegral epi djanm pou yon tan ki pi lwen.

Nan mwa davril ane sa a nou te resevwa pou yon vizit ki dire 30 jou 25 lidè peyizan ak pwomotè Ayisyen gason kou fanm ki sòti nan kominate riral tankou: Noailles, Payan, Lascahobas, Jakmel, Bell Anse ak animatè ki soti lan zòn riral nan Pòto prins . Egzèsis fòmasyon sa a, se yon pati nan pwogram la ki te rele "De Campesino a campesino ." (peyizan ak peyizan) Pwojè a gen 4 etap

- 1<sup>a</sup>. Preparasyon an Ayiti tankou lan Meksik pou atikilasyon aktè kominotè ki pou patisipe lan pwogram sa a..
- 2<sup>a</sup>. Pataje eksperyans yo nan Meksik soti 13 mès pou rive 8 avril
- 3<sup>a</sup>. Aplike sa yo aprann yo an Ayiti epi retransmèt konesans bay lot aktè ko0minotè an Ayti (15 avril rive 15 oktòb)
- 4<sup>a</sup>. Sistematizasyon , evalyasyon ak planifikasyon chak 3 lane dapre rezulta yo. (novanm)

Premye etap la se te preparasyon an Ayiti tankou o Meksik pou jwenn aktè ki pou pran pa a pwogram lan.

Nan faz sa a, te gen eleksyon ki te reyalize an ayiti, pou chwa peomotè ak promotris yo. Se caritas Ayiti ki te pran chaj egzèsis sa a, ki te rive fè sou baz yon metòd patisipativ ak demokratik kominate yo, ki chita sou lide ke moun kap vin Meksik yo, dwe se gason ak fanm ki angaje lan sèvi kominate yo, epi ki gen bon jan kapisite pou rive retransmèt eksperyans yo apre epi, ak kout men teknisyen yo, promouvwa epi inisyé prosesis pou mete kanpe antrepriz sosyal ak projè prodiktif.Dezyèm etap pwojè Campesino a Campesino a (Peyizan ak peyizan) te rive reyalize a pati de vezit dirijan peyizan ayisyen yo lan Meksik. Dokiman sa a gen enfòmasyon ak valorasyon preliminè dezièm etap projè a, menm jan an tou li gen yon konrandi vwayaj la ki bay detay sou aspè santral yo epi sou chak kominate ki te vizite o Meksik.

## **APRANTISAJ**

## **1. KONSIDERASYON YO DEPI LAN CENTRO LINDAVISTA**

Vizit la te trè itil epi pwodiktif. Malgre tout pwoblèm natirèl ki te prezante yo lan premye eksperyans sa a, nou byen kontan paske nou konstate ke vizitè nou yo te byen profite de eksperyans sila a., fratènité ant ayisyen ak meksiken; li te klè ke gwoup ayisyen yo lan yon gwo proses oto-organizasyon ak konesans, e ke si nou travay ansam pou reyalizasyon prochen etap yo, yap kapab jwenn bon jan amelyorasyon lan travay ke yap antreprann an ayiti.

## **2. VIZYON JENERAL**

Delegasyon ayisyen an te montre diferan fòm enterè. An general, li te atann li ak yon kapasitasyon pou yon devlopman riral entegal kote ke pati prodiktif la te enpotan anpil. Vizit Meksik la te sèvi yo pou wè lòt fason yo kapab itilize pou yo viv byen epi jwenn rezulta lan travay yo, pa egzanp konsomasyon pwòp viv ak legim ke yo plante yo lakay yo a, ke yo menm bò kote pa yo yo te sèlman itilize pou fè komès.

Nan sans sa a, avèk sa yo aprann Meksik yo, lamajorite te rive jwenn plis elemen teknik ak konesans sou kouman pou yo transfòme manje ke yo plante yo a apti bon jan peogram echanj ak sekirite alimantè, konsa yo pap depann de pèsonn. Lide ki te toujou prime, se te pou yo menm ak pwòp mwayen pa yo rive mete kanpe pwogram sekirite alimantè pou fanmi yo.

Itilizasyon dlo ak diferan sistèm arosaj ke yo te rive obsève lan diferan kominate ke yo te vizite yo, te yon eleman kle pou te kapab imajine kijan yo pral travay sou pwòp pasèl pa yo ke yo menm yo genyen an Ayiti yo.

Lòt gwo plan ke nou te genyen lan tèt nou se te kesyon ecjanj kiltirèl la; Li te trè enpòtan pou nou te fè diferan manb lan delegasyon yo pran pa direkteman lan sa ki tap fèt yo, ak bon jan aprantisaj byen defini lan travay jaden yo, ak yon idantite, istwa ak kilti ki diferan de sa nou genyen o Meksik, pou sa yo te gen anpil bagay pou yo te pataje, de la gwo enpotans echanj ak savwa ant tou le 2 kilti yo ak konesans sou tèm lan.

Yo te trè enterese pou nou te organize seminè fomasyon sou kouman pou yo òganize yo, kouman pou yo swiv plan travay yo ak mete kanpe organizasyon fòmèl. Yo te enterese tou a zafè transfòmasyon manje ak amyi ak rakèt, konkretman se te yon tèm ki pat sispann fè pale de li.

Yo te rive wè epi konnen peyizan ki byen òganize tèt yo, soti nan pwodiksyon poui rive jouk lan komèsyalizasyon, yo te rive pran konsyans anpil tou sou kouman inyon

organizasyon peyizan yo kapab fè presyon sou gouvennman an pou bay pwogram riral yo jarèt; yo te rive konnen anpil gwo organizasyon ke ti prodiktè peyizan mete kanpe.

### **Lòt pwen ki te parèt kapital pou yo:**

- Rann yo kont de tout fyète peyizan local yo genyen pou pwodwi pwòp pwodwi lokal epi fè bon jan konpetisyon ak etranje yo.
- Fè rakèt rantre nan manje yo.
- Bon lakèy fratènèl ke yo te resevwa lan kanton kote yo te pase yo.
- Konferans yo, kit lan akademi an, kit konferans gouvennman lockl ak federal yo, tout te parèt trè enpòtan pou ayisyen yo.

### **Aspè ki mande plis travay:**

- Plis enfòmasyon sou pwosesis transfòmasyon ak konsèvasyon pwodui yo.
- Lan sa ki gen rapò ak òganizasyon yo, yo te sinyale ke yo pa diferan de sa yo gen laky yo men sou aspè organizasyonel yo ak fason yo fonksyone gen diferans.
- Yo tap enterese anpil si yo te pale plis sou mikrofinans ak kowoperativ.

### **Aprantisaj endividye kite aji sou yo nan chak kominote:**

- Mixquic: kapasite pou yo jwe ak pale ak pwodiktè yo
- Tlalnepantla: Sèvi ak rakèt
- Jajalpa: sèvi ak dlo, pèfòmans, gwo pèfòmans
- San Miguel: atizana
- Oxtotipac: segmensyon apwopriye sou aktivite ant aktè yo.
- Pwoteje lanvironman an
- Kanpay pou sèvi ak pye bwa epi replante
- Sèvi ak mayi kòm foraj
- Sèvi ak anger
- Konnen peyi Emiliano Zapata
- Sèvi ak kawotchou pou plante
- Kouman ou kapab kiltive pwason nan yon ti espas tou piti
- San Gregorio: pwoteje bêt yo
- Koòdinasyon ant pwodiktè yo
- Morelos: sèvi ak materyèl pou konstriksyon
- Nan plizyè kominote : sèvi ak rivyè yo
- San Gregorio: jesyon latè
- Los Reyes: pwodiktè ki gen vizyon antreprenè.

### **Aspè lan òganizasyon an ki kapab amelyore:**

- posibilite pou plis pratik lan jaden yo dwe elaji. dwe gen plis facilite pou kominike ak fanmi yo an ayiti.
- Kalndriye travay yo dwe distribiye byen anvan konsa pou tout moun kapab konnen
- k isa yo pral fè, orè ak pwogramasyon an.
- Jwen plis espas pou pataje kilti yo
- Kèk aspè operasyonèl ki gen rapò ak rad, lojman epi manje.

**Enterè nan nouvo pwodwi epi sijè pou aprann plis bagay :**

**Pwodui:**

- Mayi (kilti ak transfòmasyon)
- Bañan
- Diri
- Tomat
- Rakèt (transformasyon)

**Tèm:**

Fòmasyon sou strikti ak jesyon òganisasyon.  
Fòmasyon sou mikrofinans

### **3. APRANTISAJ ESPESIFIK:**

(sant edikasyon, prodiksyon ak demonstraksyon rantre ak teknoloji dirab)

(CEPRODITES), UNICAM DEL SUR (Guerrero)

(sant edikasyon, prodiksyon ak demonstraksyon rantre ak teknoloji dirab)

**Nou te rive fè teori ak pratik nan diferan aspè:**

- Aprann konnen recho ekologik pou pèmèt ekonomize chabon, fè rezèv dlo lapli, sal de ben, dlo lapli,(netwayaj-sann-papye twalèt). Enèji solè
- Wout pou dlo : teras, fose, po dlo, baraj pou dlo
- Kontou, konstriksyon enstriman A, liy,trase koub , aliyman, tranche, plante nan miray vèt.
- Konsèvasyon epi kouvri rekòt.
- Filozofi pwogram Campesino a campesino ki se yon pwogram trè entegral, ak filozofi sa a, environnman an proteje, ni dlo, ni fatra òganik pa gaspiye, tout bagay ilize pou fè konpòs.
- Li te enpòtan pou yo konnen lonbrikilti ( konpòs ak Vètè), aprann teknoloji sa a pa mwayen pratik paske an ayiti yo pa konnen enpòtans vètè pou nouritè a, okontrò se tiye yo vètè a.
- Olye pou yo sèvi ak pwodwi chimik yo te kab fè angrè ak Vètè.
- Preparasyon ak itilizasyon konpòs ak angrè.
- Analiz sol yo, preparasyon kabann, plante ak transplantasyon.

**Aspè pozitif lan aprantisaj la :**

- Yo te renmen anpil jan fason espas pedagojik sa a fonksyone, yon fason horizontal e non vètikal, chak moun gen fonksyon pa li epi tout moun respektel lan sal i
- responsab pou fè a. Lè yo te wè espas espas fizik la kidonk anplasman an, yo pa t 'konprann poukisa yo relel inivèsite, men lè yo te rive fè aprantisaj pratik yo ak jan yo te wè ekip enstriktè yo fonksyone, yo te vin rann yo kont ke reyèlman se te yon inivèsite pou peyzan yo, fi kou gason.

- Pwosesis fòmasyon altènatif la ( edikasyon popilè ) te trè enpòtan paske yo te gen chans aprann pandan pandan yap pratike, epi tou yo te gen espas pou fè teori so usa yo te aprann yo.

pou fini, transfòmatyon manje yo. mayi, rakèt epi ti joumou piti yo te enpòtan anpil , lan sans ke yo pral kapab prezante nouvo propozisyon sa yo Ayiti lan fwa (foire) sou mayi ke yo pral organize lan dat 1e me a. aprann fè nixtamal, tortilla ak diferan pwodwi pou moun manje te enpòtan anpil, menm jan an tou transfòmasyon rakèt la pou rantrel lan manje te yon pwem enpòtan paske Ayiti yo te sèlman itilizel pou fè remèd. Se yon pwodwi ke yo plante men ke moun pa manje; apre vwayaj sa a Meksik, se pral youn lan pwodwi ke yo pral fè plis promosyon pouli, pou kapab rantrel lan manje ayisyen an.

#### **4. SA MEKSIKEN YO TE APRANN**

- Nou te rive viv epi prouve gras a mesye dam ayisyen yo ke se yon sous kè kontan ke travay dwe ye, e se gran antouzyas sa a ke yo te rive transmèt nou. Ayisyen se moun ki renmen travay, mete sou chante yap chante epi dans yap danse pandan yap travay, ebyen travay konbit la vin tounen yon bèl plezi.
- Enterè pou yo pote limyè sou tout dout yo genyen, poze kessyon, enterè tou ke yo genyen pou fè komantè youn apre lòt sou chak bagay.
- Ayisyen yo te rive reedike Meksiken ak meksikenn ki te gen chans pase jou sa yo bò kote yo, nou te wè gwo fòs kiltirèl ke yo posede epi ak tout entansite ke yo kapab viv lavi malgre tèt chaje oubyen mizè. Ayisyen se moun ki viv la vi ak anpil kè montan
- Yo se moun ki konn defann tèt yo, epi goumen ak fòs ponyèt yo pou yon lavi miyò.
- pou nou menm, viv jou sa yo bò kote ayisyen ki te la yo, te pèmèt nou ranfòse vizyon nou, pou toujou pran an kont kilti yo ak idantite yo si nou vle ke inisyativ ke nap mete an plas yo kolabore tout bon vre pou yon lavi miyò pou pèp ayisyen an.
- Fòk nou konsidere tou ke pèp ayisyen an itilize plis chante,mizik ak powèm ke pawòl poul eksprimel`. Se yon pèp ki gen anpil diyite, itilizasyon lang yo ak koutim yo se faktè ki rann yo fò anpil, yo se moun ki gen kè kontan, lanmou lan kè yo ak anpil espwa.
- Se yon pèp ki gen rekonesans. Yo pare ak 2 bra louvri pou yo travay ak komite Mix Aaiti MeKsik la pou fason orizontal ke nou te trete yo a. Kounye a, yo organize yo pa rejion epi yo gen animatè pou debat diferan tèm

#### **5. PWOCHEN AKTIVITE DELEGASYON AYISYEN AN POU 3e ETAP LA.**

Ayisyen yo ki te patisipe lan pwogram sa a te rive mete kanpe plan travay yo, ke yap gen pou voye Meksik lan yon tan ki pa twò lwen, nou te mande yo li de fason preliminè isit Meksik.

1. Akonpaye yo lan plan travay yo pandan 3 premye mwa yo epi pandan yon lane wè

2. posibilite pou sipèvize yo ak ba yo fomasyon a distans.
3. Vizit lan 4 rejyon yo pou wè kijan yan vanse epi ofri yo sipò si li necesè.
4. Pote sipò pou konkretize program travay yo pa kominote oubyen komin a kout,mwayen epi lon tèm.
5. Anime relasyon kowoperasyon yo ant patisipan yo ak lòt peyizan yo lan kad aksyon ki pwograme yo.
6. Anime kowoperasyon entènasyonal la pou fínanse pwojè yo.

## **KONTRANDI**

### **PROGRAM TèT KOLE PEYIZAN A PEYIZAN**

#### **SOTI 16 MAS POU RIVE 10 DE AVRIL**

#### **MEKREDI 16 MAS 2011**

Lan lannwit lan de (2) premye ayisyen yo rive sou vol Ayiti-Panama-Meksik, yo se Béatrice Norcilien ak Jean-Gille Marc-Ginel. An maten, yo pran dejene yo lan Casa de los Amigos epi apre, yo soti ak yo pou al vizite sant vil la ak katedral la. Yo te akèy kote pou yo desann ak manje pou yo manje.

#### **JEDI 17 MAS 2011**

Nou pran dejene lan Casa de los Amigos epi apre nou soti al vizite enstitisyon lan vil la epi apre nou al manje. Nou achete drapo Ayiti a.

#### **VANDREDI 18 MAS 2011**

Dezyèm group ayisyen yo rive a 4:30 lan maten sou vol Ayiti-Sen Domeng-Bogota-Meksik, yo se: Marie Bernadelle, Fritzner Voltaire, Ecolhome Edmond, Olemicia Jeanty Cadet, Alex Jean Batiste, Marie jocelyne, Félix Dieucéne, Oréel Francois, Saint-Lot Edouard, Anois Jean-Baptiste, Petion Joseph, Francklin Cené, Celestin Jean Claude, Enock Jn Pierre, Jean Noel Rose, Pierre Marcelin Sander, Leopold Jean Alfred, Antoine Gladis, César Erone. Lic. Alvaro Urreta, Lic. Flor de Maria Barreta ak tradiktè a Evansd Cadet te rive tou pou akonpaye nou. Nou monte yon bis eskolè ki mennen nou premyèman San Gregorio kote nou te rete tan Francisco Pineda ki fè pati gwooup peyizan yo, li mennen nou Mixquic, kote nou te rive lakay Mesye Antonio Pineda a 8:00 lan maten.

Se te akèy ak anpil emosyon, yo te pase chante Roberto Carlos ki gen pou tit Amigo (zanmi). Te gen anpil salitasyon, akolas, ak lanmen ki te bay. Mesyen César Erone ki se Kowòdonatè gwooup ayisyen yo fè kado yon drapo Ayiti bay Mesye Pineda. Bò kote pa yo, Meksiken yo te koke yon drapo ayisyen lan sal a maje a. Apre sa peyizan yo te envite nou dejene manje tipik atole, pan de dulce, fruta, thé, leche, café, ji ak bonbon.



Apre dejene a nou ale legliz la, paske moun kap resevwa nou yo, te fè konnen ke prèt la te vle resevwa kominote ayisen an epi tou, yo te eksplike nou sans ak siyifikasyon kèk zosman pre-ispanik ak moniman, apre yo fè nou monte sou tèt legliz la pou admire panorama zòn Mixquic la, yo te eksplike sa ki gen alantou yo epi non kèk mòn ak vòlkan yo, kominote ayisen an te renmen sa yo te wè yo anpil.

Nou antre andedan legliz la kote kominote ayisen an te mete men lan bouch pou achitekti legliz la.

Yo mennen yo vizite pasèl tè yo, epi yo montre yo diferan tip legim ke yo plante sou yo, youn lan prodktè yo te mennen nou sou pasèl pa li, epi li eksplike nou teknik li aplike pou fè kilti semans vivriyè yo a travè pepinyè epi apre yon ti tan kote yo fin grandi, li fè transplantasyon direk lan tè a, li kitel grandi yon ti tan toujou epi apre li fè yon dezièm transplantasyon direk lan yon pi bon tè, ki pi rich jouk tan rekòt la rive.

Nou te vizite yon lòt pasèl kote yo te montre yo kòman pou netwaye tè a apre rekòt avek yon machin ki rele motokiltè, yo eksplike kominote ayisen an kijan li fonksyone, ayisen yo bò kote pa yo tou te travay ak machin sa a, kote ke yo te rive netwaye yon gwo pasèl tè. Apre sa, yo mennen yo sou yon lòt pasèl tè pou montre yo koman yo retire dlo lan kanal yo ak pomp epi distribiye dlo sa a lan yon seri de ti kanal ki fèt pou sa menm, yo mouye tè a pou preparel, apre sa yo plante.

Nou te vizite tou Mize akeolojik Mixquic la, yo eksplike ayisyen yo kilti antik yo, tradisyon ak rit yo, differan moniman an roch ki lan mize a ak sa yo vle di.



Mesye Antonio Pineda envite tout moun manje, te gen diri, poul pane, salad, pwa, fwi, dlo fre, biè ak kafe.

Nou pran wout bosque de Tlahuac a 5:00 lan apre-midi pou al pase nwit la, nou desann lan yon seri enstalasyon ki fèt an espesyal pou moun ki lan kan lan forè a. se la nou pase nwit la.

## SAMDI 19 MAS 2011

Nou fè yon promnad lan bis la pou visite bosque de tlahuac, lak yo, epi differan pasèl ki te sou wout la, se prodiktè yo ki te planifye promnad sa a, pou nou te kapab wè payizaj lak ak jaden yo, pasèl ki te genyen yo, ayisyen yo te kontan promnad la.

Prodiktè yo, te ofri yon dejene ansanm ak prodiktè epi otorite Mixquic yo, apre dejene a prodiktè yo chita pale ak ayisyen yo, yo chanje opinyon ak lide sou zafè jaden, apre sa yo fè kado semans legim bay ayisyen yo. Se ak anpil emosyon ke de (2) kominote yo rive separe, yo chante de (2) im nasyonal yo, ayisyen ak meksiken an, yo fè echanj drapo, anpil foto te

pran ak anpil akolad te bay.

Nou pran yon kamion Mixquic pou ale San Gregorio, nou rive San Gregorio a 11:00 lan maten, yo kòtèj ki gen lan tèt li Delege a, sekretè pou devlopman an, sekretè pou lakilti a, mesye René Gonzalez, ak madmwazèl lekol lan san Gregorio kondwi ayisyen yo sou podiòm ki te enstale lan mezon de la kilti a. Lè yo rive sou podiòm lan Delege a bay mo bienveni yo, apre lòt moun te pran lapawòl tankou: sekretè yo, prodiktè Mixquic ak San Gregorio yo, ayisyen yo, prèt la, madmwazèl lekòl yo ak lòt moun notab lan zòn lan ke yo te envite monte podiòm lan, tankou kolonel Pascual Nieto Godoy, ki gen 97 lane ki te batay bò kote Emiliano Zapata epi ki se sitwayen distenge San Gregorio, menm jan an tou youn la madmwazèl lekòl yo te chante im nasyonal meksiken an, lan lang náhuatl. Pou fini ak seremoni akèy la, prèt la envite kominote ayisyen an, pou ale asiste mes tardisyonèl: cambio de mayordomía. Ayisyen yo pran chanm yo lan Mezon de la Kilti a, epi yo soti pou al asiste mes cambio de mayordomía a, apre mes la, majòdòm yo envite ayisyen yo manje lakay yo kote ki te gen anviwon 200 moun, Filipe Casas manb organizasyon prodiktè yo prezante Voltaire ak César bay Majòdòm yo, epi apre manje a Voltaire ak César prononse remèsiman bay Majòdòm yo pou envitasyona an.



Sou eksplanad mezon lakilti a, doktè Luís Gómez ak Gerardo Torres Salcido ki soti lan Universidad Nacional Autónoma de México, prezante yon konferans sou tèm \* Teritwa, lamanjay, tèt kole peyzan a peyzan\*.

Lè konferans lan fini, ayisyen yo patisipe lan fêt chanpèt kanton an kote moun yo te byen resevwa yo, kominote ayisyen an bay yon apèsi de kilti li a atravè kantik ak dans, kominote San Gregorio a te enterese anpil a ekspresyon kiltirel ayisyen yo, yon vwazen lan zòn lan, envite ayisyen yo pou ale lan yon patisri ke li genyen, apre sa yo retounen sou plas la, epi pita yal dòmi.

## DIMANCH 20 MAS 2011

Nou pran dejene lan Mezon lakilti ke kominote San Gregorio a ki te ofri nou, te gen: tamales ki fêt de diferan fason ak labouyi, epi tou pen dous ak fwi, ayisyen yo te renmen dejene a anpil epi yo remesye fanmi ki te ofri yo li a.

Nou vizite anpil jaden epi prodiktè yo te montre prosesis kiltivasyon yo ak teknik konstriksyon serre yo, toudepan de klima a, epok lan ane a, e ki legim ki plante a, kidonk chak prela konstwi selon nesesite chak legim. Apre sa, nou vizite kanal yo e yo montre posesis pou fè dlo-labou ki pral sèvi kòm baz tè ak pepeinyè, diferan eta plan fè plantasyon chou. Apre sa, nou vizite serre yon lòt peyizan ki li menm itilize lòt metod tankou sistèm aspèsyon individyèl ak plastik pou kouvri tè a epi evite legim yo ta boule akòz fredi oubyen chalè toudepan sezón yo plante a. Anpil peyizan koumanse itlize nouvo teknik sa yo paske paske yo bay rezulta pi vite pi yo koute mwens lajan tou, ayisyen yo te bat bravo pou rezulta nouvo teknik sa yo, konsa peyizan an te ba yo dokiman ak enstriksyon ke le prepare li menm sou kouman li fè serre yo ak teknik li prepare tè pou fè jaden.



Manje a te a 3:00 lan apremidi lan Mezon lakilti a pa gwo koutwazi fanmi prodiktè yo, yo te ofri vèmisèl, diri ak poul ki passe la founo ki kwit ak rakèt, ebyen kòmantè sou manje a pat rete tann, sitou sou rakèt la, apre ke prodiktè yo te bayo eksplikasyon, ebyen ayisyen yo te mande plis enfòmasyon sou rakèt la epi yo te fè konnen ke yo pa itilizel pou fè manje lan peyi Dayiti, li jis itilize tankou dekorasyon, lè sa a prodiktè yo te fè promès pou montre yo plant lan fizikman epi montre kijan yo ka kwit li.

Pandan manje a twazièm gwoup ayisyen yo rive, se te: Erick Vital, Maxon Pierre, Erique Belhomme, Celeste Cadet Pressoir, Jean Marc-Aurel Rosambert ak Thomas Jen Wilner, yo te fè, lòt gwoup la te kontan wè, konsa yo chante kèk chante, prodiktè yo bay propo bieveni yo epi yo envite yo manje, ak anpil plezi yo te dako.

Apre manje a, yo mennen yo lan yon fèm didaktik. Lè yo retounen soti lan fèm didaktik la, kominote ayisyen an entegre yon lòt fwa ankò anbyans kominote San Gregorio a tap organize yo, e yon fwa ankò yo fè demostrasyon kilti ayisyen an ak chan, folklò epi dans, tout moun lan San Greogorio te jwi echanj kiltirel sila a.

## LENDI 21 MAS 2011

Tout moun te leve bien bonè, yo soti ale dejene toujou gras ak koutwazi fanmi epi prodiktè yo, yo te ba yo ze ak jambon, pwa, labouyi ak pen, ayisyen yo te di mèsi pou dejene a atravè yon chan.

Delege Kochimilko a te fè envitasyon pou yon promnad sou bwa fouye lan Embarcadéro de Nativitas. Lè nou te rive, direktè kilti kanton an te la ap tann nou, li lwe bwa fouye yo epi nou fè letou diferan kanal epi nou vizite yon mize sou proteksyon zannimo lan lokalite a, responsab mizi a te esplike diferan bèt ki lan rejion an epi aksyon ki ap poze pou konsèvation yo. Kominote ayisyen an te kontan anpil, kit ayisyen, kit meksiken tout moun tap danse son mizik ak dans pa yo.

Apre promnad la, nou retounen San Greogorio pou nou manje, se te koutwazi delege Kochimilko a, ayisyen yo te di sekretè a mèsi pou tout atansyon ke yo te resevwa epi yo te chante yon chan pou li.

Apre manje a, SEDER te bay yon konferans, yo te pale sou diferan presesis horticulture, yo te pale tou de agriculture urbaine, e bagay sa a te provoke anpil enterè bò kote ayisyen yo. Te gen anpil deba sou kouman pou realice li, konferansye yo te promèt pou ba yo plis enfòmasyon sou kesyon an, yo te pale tou de elvaj poul pou konsomasyon ak poul pondez pou reproduksyon, sa te provoke yon gwo deba tou bò kote ayisyen yo, men konferansye yo ak prodiktè yo te pote aklarasyon epi pwomèt ke yap fè yo jwenn plis enfòmasyon. Apre konferans lan ayisyen yo te soti byen kontan, e yo te mande pataje plis enfòmasyon ak yo sou kesyon agricultura urbaine ak elvaj bèt volay.

Nan laprè midi lè soley ta pral kouche, ayityènn yo foure kò yo lan fèt ki rele Equinoccio de Primavera e moun ki tap anime a te envite yo danse avek dansè mizik pre-ispanik sekansa ayisyen yo te aksepte, apre sa ayisyen yo te danse dans folklorik yo avek lòt dansè

yo, lè yo te fini animatè fèt la te envite yo nan seremoni pirifikasyon an avek copal , kèk ayisyen te pase e yo te resevwa pirifikasyon an , aprè mèt seremoni an te eksplike yo siyifikasyon tout eleman ki te atè yo lèfini li pran foto ak yo, te gen anpil kè kontan bò kote kominote San Greogorio pou jan yo te wè ke kit moun ki tep fè seremoni yo, kit ayisyen yo, youn te aksepte kilti ak tradisyon lòt, kote yo te bay yon gwo akolad fratènèl, tout kominote Sanggregorio a te bat bravo pou jès inyon 2 kilti sa yo



Te gen yon dine pou di orevwa ke fanmi ak prodktè yo te organize, yo te profite prononse mo remèsiman yo bay kominote ayisyen an pou vizit la, ayisyen yo tou te remèsye tout atansyon ke yo te resevwa lèfini yo fè echanj pawòl ak lòt remèsiman.

## MADI 22 MAS 2011

Ayisyen yo reyini sou eksplanad Mezon lakilti a kote yo te genyen yon reyinyon evaliasyon antre yo, apre reyinyon yo a, Centro Lindavista, prodktè yo ak fanmi yo, otorite ak mè yo fome yon gwo sèk ak ayisyen yo pou yo fè yon priyè, chante e a lafwa tou di San Greogorio orevwa, apre seremoni orevwa a, nou antre al pran dejene pa koutwazi fanmi ak prodktè yo, te gen echanj pawòl, akolad, foto ak kado ke youn te bay lòt.

Apre dejene a nou pran bis pou ale Huitzilac, Después del desayuno se abordó el autobús a Huitzilac, nou rive RENAMUR kote ke Lic. Nuria ki se direktriz la te resevwa nou epi bay

chak moun chanm yo. Apre prezantasyon yo, yo mennen ayisyen yo vizite yon zòn abitasyonel pou montre yo kèk kay ekolojik ki gen la rejion an, kay sa yo yo konstwi yo ak materyel tankou boutèy, kawotchou machin, bwa, katon, pay, adobe, diferan metal ak konbinezon meterio resiklaj. Sa te provoke anpil enterè kay ayisyen yo, yo te deklare ke yo pat janm wè kontriksyon ak materio resiklajk.



Manje a te bay a 3:00 lan apremidise e tout moun te renmenl, se te makaroni, diri, salad, poul ak ak ji.

Apre manje a, nou pase lan sal konferans lan pou yon prezantasyon lic Nuria tap fè sou tèm fanm antreprenèm fanm antreprenè epi apre yo fè prezantasyon 2 peyizan ki soti lan zòn Gerrerò ki te pale de eksperyans yo lan kès popilè, apre yo pase 2 video osu kay ekolojik lan peyi ajantin.

Apre prezantasyon yo, tout moun pase lan sal a manje a pou yo te soupe manje direktris la te ofri yo a, se te tostadas salad legim ak vyann epi chokola.

## MEKREDI 23 MAS 2011

Lè nou soti RENAMUR nou fè wout pou ale Tlanepantla Morelos, Lic. Alvaro Urreta te

pran devan bis la lan machin pa li pou li te gide nou jouk rive lakay li, responsab kay yo te resevwa nou, Flor Maria te bay propo bienveni yo epi ofri yon dejene ki te gen fwi koupe, ji zoranj, ze a la meksikèn ak pwa ak pen.

Apre dejene a, nou monte machin pou ale lan pasèl yo al gade kijan yo plante rakèt, ebyen lè nou te rive prodiktè yo te eksplike ki tip semans rakèt yo dwe achte, prosesis pou netwaye semans la epi apre metel tranpe lan yon pwodwi ki fèt a baz silicatos pou protejel kont ensèk, apre yo montre ayisyen yo kijan pou plante rakèt la, apre eksplikasyon yo ayisyen yo tou te pran patisipe lan plante rakèt la. Pandan travay jaden ak aprantisaj tap fèt, enjenyè Felipe Solis Torres ki se direktè Central de abasto (gro mache santral la ) ak zanmi Mixquic ak san Gregorio yo te rive pou vizite pasèl yo ak nou.



Apre vizit la, yo mennen ayisyen yo tounen lan kay la, pou yo manje ap koutwazi Lic. Alvaro Urreta ak Flor Maria, yo te ba nou poul ak rakèt, diri, pwa, ji ak byè, pandan manje ya, lòt envite te rive, tankou otorite konsèy Minisipal yo ak pèsonèl enstitisyon gouvennman federal la.

Apre manje a, nou fòme yon sèk ak chèz kote ayisyen yo te pale ak prodiktè yo sou sistèm prodiksyon ke yo genyen yo ak komèsyalizasyon. Diferan otorite yo te pran lapawòl tou epi apre Fonaes Morelos ak Sekretaria devlopman sosyal Morelos la prezante yon konferans.

Apre konferans lan prodkèt yo montre ayisyen yo kijan yo dwe netwaye ak kwit rakèt la, tout ayisyen yo te kontan, fanm kou gason mete men lan egzèsis la.

Apre pratik netwaye rakèt la , prodkèt yo ak ayisyen yo te pati al jwe yon match foutbòl amikal sou teren kominate Tlanepantla a, apre match yo tounen lan kay la pou soupe pa koutwazi Lic. Alvaro Urreta ak kominate a.

## JEDI 24 MAS 2011

Nou dejene lakay Alvaro Urretra epi nou fè wout pou ale Anenecuilo Morelos lan kooperativ “Cooperativa Unidad y Desarrollo y Compromiso”, dirijan kooperativ yo te fè yon chita pale sou kouman kooperativ la te kreye, kilès ki fè pati kooperativ la, kouman yo travay, wè estati ak regleman yo; Lè konferans lan fini, konferansye a fè yo kado dokiman enfòmasyon ak cd ki gen nòm kooperativ la. Ayisyen yo te poze anpil kesyon epi montre anpil enterè sou fonksyonman kooperativ la, yo te fè konnenke yo menm tou yo gen kooperativ lakay yo men yo merite ba yo plis jarèt lan fonksyonman yo.

Apre konferans lan, yo pran foto panoramik devan local enstitisyon an. Apre sa, responsab yo mennen yo vizite mize ki se kay asyen revolisyònè Emiliano Zapata, moun ki an chaj mize a te resevwa yo epi ofri yo yon ti vizit ak eksplikasyon sou penti miral. Ayisyen yo te kontan anpil paske yo te bezwen konnen anpil bagay sou lavi Emiliano Zapata.

Apre nou pran wout Yecapixtla Morelos pou ale lan enstitisyon ki rele “Impulsora de Desarrollo Yecapixtla S.A. de C.V.” kote Mesye Jorge Juárez te pale sou fonksyonman micro kredi pou fanm.



Lè vizit Yecapixtla a bout, nou retounen Tlalnepantla pou nou manje dine ke Lic. Alvarro Urreta te prepare pou nou epi pataje opinyon yo sou diferan kote nou te vizite yo. Apre sa , prodiktè Tlalnepantla yo te pale ak ayisyen yo de Emiliano Zapata epi diferan ogazizasyon ki egziste ak drapo Zapata.

## **VANDERDI 25 MAS 2011**

Nou dejene lakay Lic. Alvarro Urreta. Ayisyen yo prezante remèsiman yo epi pran foto souvni ak drapo ayisyen an.

Nou pran chimen Los Reyes de Juárez, puebla e nou rive a 2:00 lan apremidi lan biro “Unión de productores y hortalizas de los Reyes de Juárez, Puebla”, inyon prodiktè yo ki gen lan tèt li Fernando González presidan an, te resevwa kominate ayisyen an, yo bay tout moun chèz epi yo ofri byè, gazez, tipitit fi prodiktè yo soti ak pankat ki make byen veni pou ayisyen yo, apre ke presidan an ak Lic. Alvaro Urreta fin prononse kelke mo, yo mennen nou legliz la kote prêt la tap tan nou, li te salye pèsonèlman chak ayisyen ak chak lan prodiktè yo, apre sa yo envite nou manje ke fanmi prodiktè yo te prepare pou nou se te pen ak krevèt, diri, pwa, tortilla, salad ak ji.

Apre manje a te gen aktivite espòtif, Prodiktè yo mennen yo mennen ayisyen yo sou pwòp teren futbòl inyon an pou jwe boul, yo jwe yon ti match amikal ki te pèmèt youn konnen lòt pi bien, tout moun te jwe ak kè kontan se te yon apremidi detant ak Iwazi.

Apre match la, yo retounen lan legliz la pou al soupe gras a koutwazi prodiktè yo ak fanmi yo, lè yo fini yo ale lan yon hotel ki te lan lòt kanton an Acatzingo.

## **SAMDI 26 MAS 2011**

Nou dejene lan legliz la ak koutwazi prodiktè yo ak fanmi yo qui te ba nou tamales, labouyi, fwi, pen, te, café, ak ji.

Apre dejene a ayisyen yo te divize an 2 gwoup, yon gwoup 15 moun te monte lan bis pou al lan jaden legim Los Reyes yo epi lòt gwoup la te ale San Miguel Tenextatiloyan, Después del desayuno se dividieron en dos grupos, un grupo de 15 personas se los llevaron en un autobús a los campos de hortalizas de los Reyes y el otro grupo fue a San Miguel Tenextatiloyan, Puebla lan yon kominate ki lan tèt mòn lan, yo te fè pratik lan yon organizasyon fanm antreprenè ki rele Centro de Iniciación a la Innovación de la tecnología” direktris organizasyon sa a se doktè , la tou yo te fè 5 prezantasyon pou ayisyen yo sou travay yo fè lan òganizasyon an:

1. Incubadora AIDES, ki se fanm ki travay labou sou diferan fòm san yo pa itilize plon.
2. Atizana an bwa ak reforestasyon.
3. Ekotouris.

4. Konpòs.
5. Kaptaj dlo lapli.



Apre prezantasyon sa yo, yo mennen yo wè kote yo fè potri ak labou, yo te eksplike ayisyen yo kijan yo fè potri yo, soti depi kijan yo jwenn matyè premyè a, posesis preparasyon potri yo, kalen, moul, premye chofaj la, lè yap pentirel, dezyèm chofaj la ak vénisaj la, ayisyen ya yo te prepare kèk potri labou tou epi pote yo mete lan founo.

Lè vizit la atelye a te fini, atizan yo te envite nou manje yon manje tradisyone, epi yo te ba nou tou tamales ak legitim andedan yo, escamoles, pwa, tortillas ki fèt a la men, rakèt ak ji epi kòm aperitif yo te ba nou yon ti kleren kann ki prepare lan kay. Kominote ayisyen an di mèsi epi yo ofri atizan yo yon chanson.

Lè yo fin di orevwa, doktè Socorro Sánchez mennen yo Zautla pou al wè plantasyon pèch ak prosesis pou bay pyebwa a konpos epi itlize sèlman yon kivèt dlo 20 lit, pa jou pou chak pyebwa fwital. Apre yo tal wè prosesis kaptasyon dlo pa mwayen yon gwo mi tankou yon baraj epi distribisyon dlo a sou plantasyon pèch yo. Yo te eksplike ke baraj sa a, se 15 peyizan ki mete ansanm pou konstwi li e se gras ak yo menm ke prodksyon pèch la ap reprann jarèt lan rejion an.

kan vizit Zautla a fini, yo retounen Los Reyes, yon rive a 8:30 di swa pou soupe kote prèt la te akonpaye ayisyen yo sou tab la, pataje kèk eksperyans ak yo epi poze yo kesyon sou

kijan vizit la t`ap dewoule, li te pwofite envite yo lan lamès dimanch lan, sa ke ayisyen yo te asepte ak kè kontan apre sa nou pran wout hotel la pou n`ale dòmi.

## DIMANCH 27 MAS 2011

Nou dejene lan legliz la gras ak koutwazi prodkè yo ak fanmi yo, yo te ba nou ze ak janbon, labouyi, pen, fwi, te, ak kafe. Ayisyen yo di mèsi ak yon priyè ke yo te fè pou tout fanmi ki te ofri yo dejen esa a.

Apre dejene a, n`ale lan jaden pou al wè prosesis pou plante cilantro ( yon tip pèsi) ak kamomil, ayisyen yo te plante lan tou 2 semans yo, apati de jan prodkè yo te eksplike yo a, prodkè yo tou te fè yo kado ti sache semans pou pote Ayiti, apre sa y`ale sou yon lòt pasè pou gade rekòt seleri, prodkè yo montre yo kijan yo koupe ak netwaye seleri a, ayisyen yo te patisipe lan travay sa a tou, apre sa yo te montre yo fè fimigasyon ak aparèy moto-fimigatè, Ayisyen yo te fè pratik fimigasyon ak aparèy la tou, apre sa sou yon pasèl kote kamomol la te pare pou rekòt yo montre yo kijan pou koupel`, ayisyen yo te fè konnen ke yo pat` konn flè kamomil lan epi yo te mande enfòmasyon sou kijan yo kapab kiltivel epi etilizel pou fè tretman

Apre sa, nou ale lan yon (SERRE) kote ki gen pepinyè zonyon ki pare pou al`mete lan tè epi yo eksplike yo diferan itilizasyon ak grosè zonyon yo, apre nou pase lan yon pasèl kote yo plante radi, yo montre yo kijan pou yo koupe radi a san yo pa koupe rasin lan yon fason pou l`kapab repouse ankò epi apre melanje li ak tè kòm angrè.



Apre sa yon prodiktè pote yon kantite pwodwi chimik epi li eksplike izaj yo chak lan agrikilti, li bay eksplikasyon chak pwodwi apa, konpozan, izaj yo, doz pou itilize an fonksyon de chak legim, peryod fimigasyon yo ak lan ki kondisyon klimatik pou itilize chak pwodwi yo.

Ayisyen yo te pote anpil atansyon, yo poze anpil kesyon, yo pran anpil nòt, epi note non chak pwodwi yo ak ki konpayi ki fè yo., yo note tout eksplikasyon yo epi yo tap`mande plis enfomasyon tou, prodiktè yo te promè ba yo plis enfòmasyon, yo te menm fè yo kado kèk lan pwodwi yo, men yo pate aksepte paske yo pa tap` kapab pase ak tip pwodwi sa yo lan ayewopò, lè yo te rive Los Reyes, prodiktè ya de ba yo ti liv ak anpil enfòmasyon sou pwodwi sa yo, bwat, etikèt ak feyè enfomasyon ke konpayi meksiken yo te bay prodiktè yo, peyizan ayisyen yo te kontan jès la anpil.

Apre travay jaden yo, tout moun tev reyini sou yon teren espòtif an plennè pou manje gras ak koutwazi prodiktè yo, yo te ofri konsonmen mouton, viann mouton, diri, rakèt, tortillas, ji, byè ak fwi kòm desè. Ayisyen yo te kontan manje anpil, yo te profite rakonte kèk istwa ak pataje kèk eksperyans ak prodiktè yo pandan manje a, yo te pwofite tou pou di prodiktè yo mèsi pou akèy ak tout atansyon ke yo te ba yo.

Apre manje a, n`ale legliz la pou pran mès 5:00 apremidi a, prêt la te rezève premye 5 ban yo pou kominate ayisyen an, apre mè la, apremidi a te lib, ayisyen yo te pwofite vizite kanton an, a 8:00 nou retounen lan legliz la pou soupe, epi apre prodiktè yo ak ayisyen yo organize yon ti fèt pou yo danse, lè fèt la fini nou antre lan hotel la pou nou dòmi.

## **LENDI 28 MAS 2011**

Nou dejene lan legliz Los Reyes la, prodiktè Actipan yo ki lan lan tèt yo mesye Javier te patisipe ak nou, apre sa ayisyen yo prezante mo orevwa yo bay prodiktè Los reyes yo ansanm ak fanmi yo, te gen anpil chante ki te chante ak akolad ki te bay, Prèt la te prezan tou pou li di ayisyen yo orevwa, lan soti legliz la, tout fanmi prodiktè yo de deyò a pou voye konfeti sou ayisyen yo, te gen anpil lajwa ak emosyon lan kè tout moun.

Nou pati pou ale lan Central de abasto (gran mache) ki mlan zòn Puebla a, lè nou rive prodiktè yo te montre ayisyen yo diferan anplasman yo ak ki pwodwi yo van, gen lan kèk anplasman ke ayisyen yo te poze kesyon sou differan tip sak yo ak sou koulè yo, prodiktè yo te eksplike ke sèten pwodwi mande iferan tip polyuréthane ak differan degre kit lan epesè, tankou lan koulè ak materyèl, gen sak ki pa kite reyon soleyl pase, gen lòt an plastistik ki konsève imidite a, epi gen lòt ki proteje pwodwi yo kont ensèk.

Lan yon lòt anplasman, ayisyen yo te obsève kijan moun yo tap mete lank sou pòmdetè yo, yo te poze kesyon sou prosesis sa a, e komèsan yo te di yo se pou yo kapab bay pomdetè a plis vi epi protejel kont reyon soleyl la.

Lè vizit lan central de abasto a te fini, nou te ale lan legliz Actipan lan, mè yo te resevwa nou, yo envite nou antre lan legliz la kote yo ba nou yon bon akèy ak avek yon bèl priyè,

apre sa yo mennen nou lan salón pawasyal la kote yo te prepare manje kite pou nou. Te gen soup makawoni, diri, poul pane, salad, pwa, tortilla ak ji.

Lè nou fin manje, prodktè yo te poze kesyon pou konnen si kominote ayisyen an te vle ale fè travay jaden toujou oubyen pran yon ti moman pou fè touris, pou vizite gwòt actipan yo, yo te chazi al vizite gwòt yo. Apre vizit la , yo mennen yo lan sant vil la kote, pou bwe yon gazez ansanm, apre sa yo jew foutbòl, tout kominote aktipan lan te reyini pou wè ayisyen yo api pale ak yo. Apre, yo ale lan salón pawasyal la pou y`al soupe gras ak koutwazi prodiktè yo ak fanmi yo, gen lòt fanmi lan kominote Actipan lan ki te vin` reyini tou, pou ke ansanm yo te pataje yon bèle sware, te gen priyè, chante, epi ekspresyon fratènè bò kote tout moun, timoun yo te pote kado pou ayisyen yo epi jwe ak yo, ayisyen yo te sezi anpiol paske yo pat`atann yon akèy ak tout chalè sa a.

## **MARTES 29 Mas 2011**

Nou dejene lan salón pawasyal la, ke prodiktè Actipan yo ak fanmi yo te ofri nou, se te ak anpil emosyon ke ayisyen yo ak prodiktè yo te di orevwa, sitou lè yo sonje moman yo te pase lavèy la, te gen anpil foto ki te pran ak anpil akolad.

Nou pran wout Jalapa Estado de Mexico kote nou rive a 2:00 lan apremidi. Avan nou rantre Jalapa yon patrouy lapolis vin rankontre nou pou menen nou lan legliz la kote mesye Reynaldo Castañeda ki se presidan Unión de productores de verduras y Hortalizas de la CEDA te resevwa nou, li kondwi nou lan salón pawasyal la kote yo prezante nou otorite kanton an. Apre sa nou pase lan sal a manje a, kote prodiktè Jalapa yo te pare manje kite pou nou, te gen soup legim, poul, diri, pwa, tortillas ak ji.

Apre manje a, apremidi a te lib, ayisyen yo te pwofite al sou entènèt, rele lan telefòn epi vizite kanton an.

## **MEKREDI 30 MAS 2011**

Lic. Álvaro Urreta te rive bien bonè ansanm ak pèsonèl Caritas Toluca yo, apre li fin prezante yo, yo te chita manje ak ayisyen yo. Dejene ya te organize lan salon pawasyal la, se prodiktè Toluca yo ki te ofri nou li, se te: ze, ak janbon, tortillas, chilaquiles san piman, te, café ak pen. Apre sa 4 ayisyen soti pou ale lan yon rankont Toluca, se te Olemicia Jeanty Cadet, Cesar Erone, Pierre Marcelin Sander ak tradiktè a Evans cadet, rankont lan tap òganize ak enjenyè Rubén Dávila ki se Direktè general Agrikilti gouvennman Estado de México a.

Kan yo fin manje rès gwoup la ale lan travay jaden, yo te montre yo kilti acelga ( yon variete epina), apre yo montre yo tou kilti cilantro ( yon tip pèsi) epi apre sa yo montre yo kilti bètrav, yo te eksplike tou teknik pou plante pa mwayen pèz oubyen goutyè an tè, yo te wè tou teknik pou kapte dlo ki diferan de sa yo te wè San Gregorio ak Los Reyes. Yo te wè tou lòt pasèl ak lòt tip legim, prodiktè yo te montre yo lòt semans ke yo itilize tou, yo te montre pa egzanp 4 diferan semans pou yon menm plante pi yo te eksplike ke yo otilize yo

yo sa depan de ki epòk lan ane a paske semas sa yo prepare pou reziste a chanjman tanperati ak ensèk ravajè.



Apre vizit sila a, yo tounen lan lagliz la pou al manje sa prodiktè yo te prepare pou ofri yo a, la tou prodiktè Mixquic ak san Gregorio yo te vin rankontre yo epi pote kado pou yo, ayisyen yo te kontan jès la anpil.

Apre maje a, nou te gen apremidi lib, konsa ayisyen yo te profite pou rele fanmi yo Ayiti epi al sou entènet.

Pandan manje a, prêt la te vin pataje tab la ak yo epi profite mande yo kijan aprantisaj la tap vanse, to te reponn kijan tout bagay ap vanse, apre sa yo di mèsi pou manje ak yon priè epi yon chante.

## JEDI 31 MAS 2011

Nou ale lan legliz la, responsab la envite ayisyen yo monte sou tèt legliz la kote klòch la ye a, tout moun monte pou pran foto epi admire panorama kanton an, apre sa, yo desann pou al dejene ke prodiktè yo te ofri yo, kan yo fin manje yo di mèsi pou tout atansyon yo te ba yo epi sitou pou ki te responsab kwizin yo, yo te di ke manje a pare tankou manje lakay yo, yo te menm envite kwizinyè yo pou al Ayiti, alòs kwizinyè yo, te di wi ke yon jou yo prale kan

menm, apre sa yo fè anpil foto, yo bay anpil akolad.

Nou pran wout Distrito Federal (kapital la), nou rive a 1:30 lan apremidi, enpe moun desann Casa de los amigos, enpe lòt lan oHotel Texas, apre sa nal manje lan restoran Los Arcos.

Apre manje a, nou mennen yo al promne bò monumento de la Revolucionna k lavil la pou nou aterí jouk lan palè a.

Lan aswè te gen Pè François Jean Hervé ak madam Anna Zumbo ki lan Caritas italyen ki te rive pou vin entegre gwoup la , yo te fè Ayiti-Miami-Meksik. Apre sa, nal' manje lan yon restoran chinwa epi nou tounen lan Casa de los amigos, kote ayisyen yo te òganize yon reyinyon evalyasyon entèn.

## **VANDREDI 01 AVRIL 2011**

Dejene a bay lan Casa de los Amigos, epi nou pran wout pou ale lan Centro Félix de Jesus ki lan zòn Tlalpan pou òganize yon reyinyon evalyasyon ant ayisyen yo, Pè Hervé, madam Anna Zumbo ak Lic. Aldelberto Saviñón.

Lè reyinyon an bout, a 1:30 lan apre midi, nou pran wout pou ale Al Coyuca de Benitez, Guerrero, termino de la reunión de evaluación se partió a la 1.30 de la tarde con rumbo a Coyuca de Benitez, Guerrero, mesye Carlos García vin kontre nou sou wout epi li mennen nou Coyuca de Benítez lan local Ceprodites, nou rive la a 9:00 lan aswè, pandan soupe Carlos García te ofri nou an, li te profite fè prezantasyon ekip Ceprodites la epi bay prensip yo, li te bay tou diferan tèm ki pral debat yo, epi apre yo mennen nou lan Otèl.

## **SAMDI 02 AVRIL 2011**

Nou pran dejene lan Ceprodites, ke mesye Carlos te ofri nou, se te: fwi, salad, pwa, tortilla, te, pen, labouyi avwan ak kafe.

Kan nou fin dejene, nal lan travay jaden, yo menenn ayisyen yo sou plantasyon pyebwa fwitye, epi yo montre yo teknik pou palnte sou tè ki sou mòn ak tè sèk, apre sa, peyizan ayisyen yo pran zouti pou plante diferan tip seman, kote yo itilize teknik pou fè kabann pou plante ak lonbrikonpastaj (prepare konpòs a vètè) pou anrichi tè a epi bal imidite san itilize anpil dlo.

Ekip Ceprodites la ba nou manje vè 3:00 lan apremidi, se te: bouyon pwason, diri, pwason fri, salad, tortillas, pwa ak ji. Ayisyen yo di mèsi ak yon chante.

Pita, travay jaden yo kontinye kote yo wè izaj enstriman A, ki se yon triyand an bwa ki gen mezi, ke yo itilize pou make distans sou teren ki an pant epi make espas kotew` pral`plante yo, ayisyen yo te enterese a zouti sa a anpil, pèsònèl la te ba yo plan kijan pou fè zouti A, lè

yo tounen Ayiti.

Apres pratik fini, yo limen yon boukan pou boukannenn mayi, epi yo pase al soupe repa ke ekip Ceprodites la te pare pou yo.

## DIMANCH 03 AVRIL 2011

Nou dejene lan Ceprodites repa ke ekip la te pfri nou, se te: ze ak janbon, pwa, diri, pen, te, café ak dlo.

Apres dejene a, te gen egzèsis pratik sou transfòmasyon manje, ekip Ceprodites la mennen ayisyen yo lan chan pou al keyi sa yo ta pral prepare kòm resèt lan pratik la. Ayisyen yo te aprann fè Tortillas, kwit rakèt, salad meksiken ak salad rakèt, tout ayisyen te kontan, se yo ki te pare manje a pou tout moun manje, tout moun te kontan se te yon eksperyans ki rich anpil pou yo ak pou ekip Ceprodites la, ekip la te satisfè de sa yo te aprann ayisyen yo epi pi tou sa ayisyen yo te montre yo tou. Vè midi ekip Ceprodites la mennen yo lan yon plaj Acapulco ki rele Barra Vieja, se la yo pase apremidi a, ayisyen yo te byen pran plezi yo lan plaj sa a, ak lan yon lak ki pat trò lwen.



A 7:00 diswa nou retounen Ceprodites pou al` soupe manje ke yo te kite pou nou, epi tou profite bay mo orevwa yo.

## LENDI 04 AVRIL 2011

Nou rive Ceprodites, nou manje ak ekip sant kapasitasyon an, ayisyen yo fè remèsiman ak yon chante.

Nou pase lan sal konferans la, kote yo te pase yon video sou eksperayans peyizan lan lòt peyi, Lic Urreta te prezante direktè Unicam lan ki te bay pwopo bienveni ak yon ti ekspoze, lè ekspoze a fini, li fè kado CD enfòmasyon sou Unicam epi envite yo pou vin pran seminè lan Unicam nenpòt lè yo ta vle. Yon reprezantan Inca Rural te fè yon ekpoze tou epi yo te organize travay an atelye sou yon seri de kesyon.



Apres ekpoze yo, yal` manje byen vit epi tounen lan travay jaden yo, kote yo te montre yo pratik elvaj mouton, epi kijan pou pare konpòs ak matyè fekal yo, apre sa, yo fè pratik sou koman pou pran matyè fekal yo epi melanje yo ak lòt materyèl tankou tè ak fèy sèch lan yon bokit, lèfini yo rouzel ak dlo epi yo fòme yon kanal ak yon pasaj pou matyè a ki pral' itilize finalman tankou konpòs likid ki rich pou nouri tè a.

Apre pratik la, yo tounen lan sal la, pou swiv ekspoze yon fonksyone Sedesol.

Lè akspoze a fini, nou soupe epi se te orevwa ant ayisyen yo, ekip Ceprodites la ak lòt moun ki te patisipe lan jounen travay sa a, apre nal`domi lan otèl la.

## MADI 05 AVRIL 2011

Ceprodites prepare yon dejene espesyal pou di ayisyen yo babay, yo te bay: fwi, pen mayi, café ak te, epi yo te fè chak ayisyen kado yon pen mayi pou fè wout la. Ayisyen yo di ekip Ceprodites la mèsi epi ak anpil emosyon yo di orevwa.

Nou pran wout pou vil Mexico, nou rive a 5:00 apremidi lan Casa de los Amigos. Nou enstale lan casa de los Amigos ak Hotel Texas, apre nal manje lan restoran Los arcos, kan nou fini nou antre al prepare pou Dine kiltirèl la ak remiz diplòm yo.



Ambasadè ayisyen an te rive a 6: 00, li chita pale ak ayisyen yo sou eksperyans lan epi kisa yo konte fè apre. A 7:00 apremidi dine kiltirèl la kòmanse ak prezantasyon ambasadè ayisyen an, prodktè Mixquic yo, San Greogorio, Los Reyes, Actipan, Direktè Casa de los amigos la, direktè Casa de cultura San Rafael la, manb Comité Mixto Haití-México yo, Colegio Guadalupe, Centro Lindavista, ak Sekretari Relasyon eksteryè. Lè chak reprezanta òganizasyon sa yo vin di yo ti mo, yo remèt diplòm bay ayisyen yo epi apre espektak

kiltirèl la koumanse, te gen dans pre-ispanik ke manb casa de Cultura san Rafael yo te prezante, konsè gwoup mizikal Lanbi Ginen ke mesye Evans Cadet ap dirije, epi dans ke manb delegasyon peyizan ayisyen yo te ofri.

Espektak la te cho anpil, te gen anpil echanj kiltirèl ak fratènèl, mesye René Gonzalez ak madam li, ki lan gwoup kiltirèl San Gregorio te pote kado pou ayisyen yo, yo ba li gwo akolad epi te gen anpil kè kontan.

## MEKREDI 06 AVRIL 2011

Nou dejene lan Casa de los Amigos epi apre te gen chita pale ant fam ayisyèn yo ak Lic. Guadalupe Chávez Villafaña, apre sa te gen reyinyon planifikasyon ant ayisyen yo epi Centro Lindavista sou aplikasyon fòmasyon yo te vin pran Meksik la an Ayiti.



Apre reyinyon palnifikasyon an, nou te ale Universidad Iberoamericana pou patisipe lan yon lòt reyinyon ak pè Armando Flores ki lan Caritas Meksik ki te vle rankontre ayisyen yo, epi tandé pozisyon yo sou pwogram tèt kole peyizan ak peyizan an.

Nou retounen lan Casa de los amigos pou pran yon ti repo, apre nal` manje lan restoran los arcos. Rès apremidi a te lib.

## **JEDI 07 AVRIL 2011**

Nou te vizite Fondasyon Kellogg pou yon dejene tèt a tèt ak direktè fondasyon an, nou vizite legliz Basílica de Guadalupe, ayisyen yo te kontan anpil vizite sanktyè a, paske yo tap tan vizit sila a, yo te fè konnen ke vièj Guadeloupe vle di anpil mbagay pou yo, lè vizit la fini, n`al manje epi nou retounen Casa de los Amigos.

## **VENDREDI 08 AVRIL 2011**

Jou vandredi sa a, a 3:00 lan maten, pè Hervé ak madam Anna Zumba ale ayewopò pou retounen Haiti. A 4.00 rès gwoup ayisyen yo al`vizite Central de Abasto (gwo mache) ki lan vil Meksik la pou wè enstalasyon yo epi dejene ak prodiktè ak fonksyonè Central de abasto yo. Nou rive a 5.00 lan maten, Ing. Felipe Solís Torres ak prodiktè diferan kanton nou te ale yo te vin rankontre nou. Delegasyon peyizan ayisyen yo divize an 2 gwoup pou vizite enstalasyon via ak legitim yo.



Lè vizit la bout, yo mennen nou lan biwo direktè general Central de Abasto vil Meksik la, direktè a prezante propo bienveni api eksplike diferan aktivite mache a, yo pase 2 video ki dire yo chak 5 minit ki pale sou mache a, apre sa direktè a te fè ayisyen yo kado video tou.

Nou pran dejene lan plasman elekoptè andedan Central de abasto a, fonksyonè mache a ak lòt prodktè lan kanton nou te vizite yo te chita pou manje ak nou tou, apre sa, yo te pran foto an gwoup epi ayisyen yo prezante propo remèsiman yo bay moun ki te la yo pou dejene a. Apre nou soti Cantral de abasto nou ale vizite mache atizana La Ciudadela.

Lan lasware te gen yon soupe orevwa, Direktè Centro Lindavista a te prezan, epi li te pataje kèk eksperyans ak ayisyen yo, epi pou fini li swete yo bon vwayaj. Ayisyen yo pat manke pou yon fwa ankò pataje epi montre tout valè kiltirèl yo.

## **SAMDI 09 AVRIL 2011**

Nou pran wout ayewopò lan tèmninal 2, kote nou Béatrice Norcilien ak Jean-Gilles Marc-Ginel ki te gen vol pa Panama, apre nou ale lan tèminal 1 pou depoze Marie Bernadelle, Fritzner Voltaire, Ecolhome Edmond, Olemicia Jeanty Cadet, Alex Jean Batiste, Marie jocelyne, Félix Dieucéne, Oréel Francois, Saint-Lot Edouard, Anois Jean-Baptiste, Petion Joseph, Francklin Cené, Celestin Jean Claude, Enock Jn Pierre, Jean Noel Rose, Pierre Marcelin Sander, Leopold Jean Alfred, Antoine Gladis ak César Erone ki te gen vol pa Bogota.

La maten ak apremidi nou mennen lòt gwoup ki te rete a lan bazik la , yo te vle retounen la ankò api fè kèk acha, apre nou manje, nou soupe lan lasware epi fè yon ti promnad bò monumento a la Revolución.

## **DIMANCH 10 AVRIL 2011**

Nou ale ayewopò lan tèminal 2 kote dezyèm gwoup la ki te ki te gen Erick Vital, Maxon Pierre, Erique Belhomme, Cereste Cadet Pressoir, Jean Marc-Aurel Rosambert ak Thomas Jen Wilner te pran vol pa Bogota pou retounen Ayiti.

**LISTA DE PARTICIPANTES PROYECTO “CAMPESINO A CAMPESINO”**

| <b>Noms</b>                 | <b>Institutions</b>       |
|-----------------------------|---------------------------|
| Erick VITAL                 | C. Cayes                  |
| Maxon PIERRE                | C. Cayes                  |
| Erique Belhomme             | C. Port-de-Paix           |
| Ronel Dorgile               | C. Port-de-Paix           |
| Cereste CADET PRESSOIR      | C. Nippes - Madian        |
| Jean Marc-Aurel Rosambert   | Animateur NIPPES Madian   |
| Thomas Jean Wilner          | C. Nippes - Madian        |
| Marie Bernadelle Hyacinthe  | C. Nippes – Payan         |
| Fritzner VOLTAIRE           | C. Nippes – Payan         |
| Ecolhomme EDMOND            | C. Nippes – Payan         |
| Olemicia JEANTY CADET       | C. Nippes - Madian        |
| Alex JEAN BAPTISTE          | Animateur                 |
| Marie Jocelyne Francois     | C. Jacmel                 |
| Mr. Félix Dieucène          | C. Jacmel                 |
| Oréel FRANCOIS              | C. Gonaïves               |
| Saint-Lot Edouard           | C. Gonaïves               |
| Anois JEAN-BAPTISTE         | C. Port-au-Prince         |
| Petion Joseph               | C. Port-au-Prince         |
| Francklin CENÉ              | C. Hinche                 |
| Celestin Jean Claude        | C.Hinche                  |
| Enock Jn Pierre Ernest      | C. Cap-Haitien            |
| Jean Noel Rose Thérèse      | C. Cap-Haitien            |
| Pierre Marcellin Sander     | C.Cayes                   |
| Père Francois Jean Hervé    | C. Cayes                  |
| Leopold Jean Alfred         | C. Jérémie                |
| Antoine Gladys              | C. Jérémie                |
| César Erone                 | Animateur                 |
| Jean-Gilles Marc-Ginel      | Animateur                 |
| Norcilien Beatrice          | Port-au Prince            |
| Anis Deiby Valencia Quejada | Membre de l'équipe Ecosol |
| Anna Zumbo                  | Caritas italiana          |
| Evans Cadet                 | Traductor                 |

**ORGANIZACIONES MEXICANAS PARTICIPANTES EN EL PROYECTO  
CAMPESINO A CAMPESINO (2a-etapa)**

**Agradecemos a todas las Organizaciones e Instituciones que participan en el Comité mixto Haití - México.  
Adicionalmente de manera especial agradecemos a las siguientes Organizaciones e Instituciones:**

|  |
|--|
| AIDES "Centro de Iniciación a la Innovación de la Tecnología"  |
| Arquidiócesis de Puebla  |
| Arquidiócesis de México  |
| Arquidiócesis de Acapulco  |
| Caritas Santo Domingo  |
| Cooperativa UNDECO, Anenecuilco, Morelos   |
| Central de Abasto de la Ciudad de México   |
| CEPRODITES "Centro de Educación, Producción y Demostración de Insumos y Tecnologías Sustentables" (UNICAM) |
| Casa de los Amigos   |
| Casa de la Cultura San Rafael  |
| Comisión Episcopal de Pastoral Social - Caritas Mexicana   |
| Comité Mixto Haití - México de la Sociedad Civil para la Reconstrucción de Haití                           |
| Colegio Guadalupe  |
| Centro de Desarrollo Integral de la Mujer Santa Escolástica  |
| Catholic Relief Services   |
| Cuarto Grupo de Nopaleros "Solidaridad" Tlalnepantla Morelos S.P. de R.L                                   |
| Diócesis de Toluca   |
| Diócesis de Chilpancingo Chilapa   |
| Delegación Xochimilco, Gobierno de Distrito Federal  |
| Embajada de Haití en México  |
| Embajada de Haití en República Dominicana  |
| Embajada de México en Haití  |
| El Vigía Morelos, S. P. de R. L.   |
| Fundación Kellogg  |
| Fundación Banorte  |
| FONAES, Fondo Nacional de Empresas Sociales  |
| FONAES Estado de Morelos   |
| Fundación Terapia de Reencuentro   |
| Gobierno del Distrito Federal  |
| Gobierno del Estado de Puebla  |
| Gobierno del Estado de México  |
| Gobierno del Estado de Morelos   |
| Gobierno del Estado de Guerrero  |
| Hotel Texas  |
| H. Ayuntamiento de Tenango del Valle   |
| H. Ayuntamiento de Tlanepantla, Morelos.   |
| INCA - RURAL (SAGARPA)   |
| Instituto Mexicano de la Radio (IMER)  |
| Mónica Judd  |

|   |
|---|
| Parroquia de San Andres Apostol, Mixquic Xochimilco   |
| Párroquia de San Gregorio Magno, San Gregorio Atlapulco, Xochimilco   |
| Parroquia de San Juan, Actipan de Morelos, Puebla   |
| Párroquia de Santa Maria Jajalpa, Tenango del Valle, Edo. de México   |
| Párroquia de Los Reyes, Los Reyes de Juárez, Puebla   |
| Párroquia de Tlanepantla, Morelos   |
| Productores de Nopal de Tlalnepantla Morelos. S.P. de R.L.  |
| Productores de rabano de Actipan de Morelos Puebla, A.C.  |
| Primer grupo de Nopaleros "Tlalnopalli" de Tlalnepantla, Morelos S.P. de R.L.   |
| Red Mexicana de Mujeres S.C.  |
| Revista Acción Femenina   |
| Secretaría de Desarrollo Agropecuario del Estado de México  |
| SAGARPA Estado de Morelos   |
| Secretaría de Relaciones Exteriores, Gobierno Federal   |
| Secretaría de Desarrollo Social, Gobierno Federal   |
| Secretaría de Desarrollo Rural del Gobierno del Distrito Federal  |
| Segundo Grupo de Nopaleros "Emiliano Zapata" Cuahutenco de Tlalnepantla, Morelos.   |
| Tercer grupo de Nopaleros "Tlalnepatla" Tlalnepantla, Morelos   |
| Unión de Productores y comerciantes de Santa María Jajalpa A.C., Edo. México  |
| Unión Campesina de Productores e Introductores de San Isidro de los Reyes de Juarez, Puebla A.C.                          |
| Unión de Productores de Verduras y Hortalizas de San Gregorio Atlapulco, Xochimilco A.C.                                  |
| Unión de Productores de San Andres Mixquic  |
| Universidad Autonoma Metropolitana - Xochimilco (Rectoria y Direcciones Divisionales)                                     |
| Universidad Autonoma Metropolitana - Coordinación General de Vinculación y Desarrollo Institucional (CGVyDI)              |
| Rectoría General  |
| Universidad Campesina del Sur, UNICAM-sur   |
| Universidad Nacional Autonoma de México - Secretaría Técnica de Investigación y Vinculación - Coordinación de Humanidades |
| Universidad Nacional Autonoma de México - Red Sistema Integral de Alimentación y Desarrollo Local (SIAL)                  |